QARAQALPAQSTAN
RESPUBLIKASI
SHIMBAY RAYONI
HA'KIMI
SHESHIMI

QORAQALPOQ'STON
RESPUBLIKASI
CHIMBOY TUMANI
HOKIMI
QARORI

Shımbay rayonı | Chimbay tumani

№465/2 | 2019-жыл 02-февраль

Район аймағында аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 7-майдағы «Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасы жанындағы Агросанаат комплекси ҳәм азық-аўқат қәўипсизлигин тәмийинлениўи үстинен қадағалаў инспекциясы жумысын шөлкемлестириў ис-иләжлары ҳаққында»ғы ПҚ-3699-санлы қарарының 4-қосымшасы менен тастыйықланған «Аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техник көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Режеге муўапық ҳәмде Өзбекстан Республикасы «Жергиликли мәмлекет ҳәкимияти ҳаққында»ғы Нызамның (Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномасы 1993й, 9-сон, 320-модда) 6, 25-статьяларына муўапық районда 2019-жыл аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техника, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин 2019-жыл ушын техникалық көриктен өткериў мақсетинде

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1. Шымбай районындағы аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин 2019-жылда техникалық көриктен өткериў бойынша ис-режеси 1-қосымшаға, аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Районлық аўыл хожалығы бөлими (Ж.Аманлыков), Бас прокуратура жанындағы Агросанаат комплекси ҳәм азық-аўқат қәўипсизлиги тәмийинлениўи үстинен қадағалаў инспекциясы районлық бөлими менен биргеликте:

Техникаға мүлк ҳуқуқы тийкарында ийе шахслар (мүлкдар)ға техникаларын техник көриктен өткериў ҳаққындағы билдиргиси техник көрик өткериў күнинен кеминде отыз күн алдын жибериў;

Техник көриктен өтпеген ямаса техник көрикке усынылмаған техникалар жөнинен мүлкдарға жазба көрсетпе бериў;

Мүлкдар көрсетипеде белгиленген мүддетлерде техниканы қайта техник көриктен өткизбеген жағдайда ҳәмде аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техника, әсбап-үскенелерден жуўапкерли түрде пайдаланыў, сақлаў, есаптан шығарыў, ремонтлаў, техника хызметлери көрсетиў жағдайлары ҳаққында мағлыўматларды нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте тийисли иләжлар көриў ушын район ҳәкимлигине жибериў;

техник көриктен өткерилгенлиги ушын жыйым өндирилиўинде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018 жыл 7 майдағы "Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасы жанындағы Агросанаат комплекси ҳәм азық-аўқат қәўипсизлиги тәмийинлениўи үстинен қадағалаў инспекциясы жумысларын шөлкемлестириў ис-иләжлары туўрысында»ғы ПҚ—3699-санлы қарарының 4-қосымшасы менен тастыйықланған «Аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техник көриктен өткериў тәртиби туўрысында»ғы Режеде белгиленген қағыйдаларға әмел етиўи тапсырылсын.

3. Шымбай районында аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техника, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлерин 2019-жыл ушын техникалық көриктен өткериў усы жылдың 10-февраль күнинен басланатуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

4. Барлық кәрхана, шөлкем, машина-трактор паркилери, альтернативалық машина-трактор парклери, фермер хожалықлары басшыларына:

есапта бар болған аўыл хожалық ҳәм мелиоратив жол-қурылыс техникаларын, машина әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў ушын таярлап, белгиленген майданшаларға жыйнаў ҳәм техникалық көрикке тийисли төлемлердиң төлениўин тәмийинлесин.

5. Район ҳәкиминиң орынбасары Б.Жуманиязов ҳәм район ҳәкиминиң Аўыл ҳәм суў хожалығы мәселелери бойынша орынбасары Д.Султановқа райондағы кәрхана, шөлкем, машина-трактор парки ашық акционерлик жәмийети, альтернативалық машина трактор парклери, фермер хожалықлары ҳәм пуқараларда бар болған мүлкшилик түрине қарамастан аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив, жол-қурылыс техникаларын, машиналар әсбап-үскенелерин есапқа алыў ҳәм оларды техникалық көриктен өткериў менен байланыслы болған жыйымларды төлеўге әмелдеги тәртиплерге тийкарланып әмелий жәрдем бериў тапсырылсын.

6. Шымбай районы ҳәкиминиң 2018-жыл 30-январдағы күнги “Шымбай районы аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ҳаққында”ғы 176-санлы шешими (“Шымбай ҳаўазы” газетасы 2018-жыл 31-январь 3-сан (8523)) өз күшин жойытқан деп есаплансын.

7. Усы шешим “Шымбай ҳаўазы” газетасында жәриялансын ҳәм ҳәкимлик рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

8. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасарлары Б.Жуманиязовқа ҳәм Д.Султановларға жүкленсин.

9. Бул шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Шымбай районы ҳәкими **П.Ещанов**

KO'SHIRMESI DURI
20

Шымбай район ҳәкиминиң
2019-жыл 02-февраль күнги
465/2-санлы шешимине
1- қосымша

Шымбай районындағы аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин 2019-жылда техникалық көриктен өткериў бойынша ис-режеси

№	Техника тури	Техника маркасы	Техник көриктен өткериў муддети	Техник көриктен өткериў манзили	Техник көриктен өткериў сәнеси
1	Сүрим Трактор	Магнум, Арион-6300, TS-135, ВТ-150, Т-60.70 ҳәм басқалар	09:00-16:00	Шымбай районы «Агросервис МТП» ЖШЖ ҳәм фермер хожалықлары	05.06.2019 жыл
2	Қатар арасын айдаўшы тракторлар	ТТЗ-80.11, МТЗ-80, ТТЗ-100.11, Т-28х4МС1	09:00-16:00		05.03.2019 жыл
3	Транспорт тракторлар	МТЗ-82, ТТЗ-80.10, Т-28х4МС	09:00-16:00		18.06.2019 жыл
4	Трактор тиркемелери	2 ПТС-4-793 А	09:00-16:00		05.08.2019 жыл
5	Ғәлле орыў комбайнлары	Кейс, Класс ҳәм басқа	09:00-16:00		10.02.2019 жыл
6	Культиваторлар	КХУ-4	09:00-16:00		05.03.2019 жыл
7	Мелиоратив техникалар	ЭО-652, ЭО-4111, ЭО-3211 ҳәм басқалар	09:00-16:00		02.06.2019 жыл
8	Шигит егиў сеялкалары	Кейс, стх-4	09:00-16:00		25.02.2019 жыл
9	Жер тегислегиш	П-4	09:00-16:00		15.02.2019 жыл
10	Плуглар	АЯ-3-35, ПОН-3+1 ҳәм басқалар	09:00-16:00		05.06.2019 жыл
11	Чизеллер	ЧКУ-4А	09:00-16:00		25.02.2019 жыл
12	Тисли тырмалар	БЗ-1,0	09:00-16:00		25.02.2019 жыл

13	Пахал шапқышлар		09:00-16:00		25.02.2019 жыл
14	Пуркегишлер	ОВХ-600, VP-1	09:00-16:00		22.03.2019 жыл
15	Минерал төгин шашкыш	НРУ-0,5	09:00-16:00		22.03.2019 жыл
16	От орғышлар	Кир-1,5	09:00-16:00		20.04.2019 жыл
17	Жуклегишлер	LW-500F, XG-955 H	09:00-16:00		01.06.2019 жыл
18	Ғәлле егиў сеялкалары	С3-3,6	09:00-16:00		20.06.2019 жыл
19	Машина трактор парклери ҳәм устаханалардың әсбап-үскенелери	Вд-201, 1м63н, 21н16м, тд-317, м-2888, нт-350	09:00-16:00		20.06.2019 жыл

Еслетпе: Жеке меншик техникалар алып келиўине қарап 2019-жыл 10-февраль сәнесинен 2019-жыл 01-июль сәнесине шекем Шымбай «Агросервис» МТП ЖШЖ устаханасында ҳәм аймақлардағы АМТП устаханаларында ҳәр жумыс күни өткизиледи.



Шымбай район ҳәкиминиң
2019-жыл 02-февраль күнги
465/2-санлы шешимине
2-қосымша

Аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссия курамы

Н.Еримбетов	-	Бас прокуратура жанындағы Агросанаат комплекси ҳәм азық-аўқат қәўипсизлиги тәмийинлениўи үстинен қадағалаў инспекциясы Шымбай район бөлими аға инспекторы, **исши топар баслығы**
А.Абдуллаев	-	Район «Агросервис МТП» ЖШЖ баслығы, **исши топар баслығы орынбасары**
С. Ибрагимов	-	Районлық ИИБ баслығы орынбасары, **исши топар баслығы орынбасары**

Қ У Р А М Ы

Ж.Аманлыков	-	Районлық аўыл хожалығы бөлими баслығы
Б.Ганиев	-	Районлық фермер, дийхан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелери кеңеси баслығы
Б. Алламжаров	-	Районлық ИИБ ЖҚХБ баслығы
А.Молдахметов	-	АТБ «Агро банк» районлық филиалы басқарыўшысы
Қ.Байжанов	-	Районлық Мәмлекелик салық инспекциясы баслығы
А.Тәжибаев	-	Районлық Статистика бөлими баслығы
А.Айтымбетов	-	Районлық Мәмлекетлик хызметлер орайы директоры

Еслетпе: Усы комиссия ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда орнына келген шахс комиссия ағзасы болып есапланады.